



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 6/9/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN NOUVO INISYATIV PARK SOLÈ

New York Power Authority ak Biwo Park Eta New York te antre nan patenarya pou avanse enèji solè nan Park eta yo nan Long Island ak Hudson Valley

Gouvènè Cuomo jodia te anonse lansman yon nouvo inisyativ solè ant New York Power Authority ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York. Ajans yo te siyen yon akò pou evalye ak potansyèlman devlope yon seri enstalasyon nan park eta yo sou Long Island ansanm avèk Hudson Valley.

“Eta New York ap dirije wout la nan deplwaman a gran echèl enèji renouvlab,”
Gouvènè Cuomo te deklare. “Eksplwate avantaj enèji pwòp ak abòdab nan park eta nou yo se yon lòt etap nan bi pou redwi anprent kabòn eta sa, amelyore sante espas piblik nou yo, epi pwoteje anviwonman pou deseni kap vini yo.”

Anons jodia fè pati nan yon efò nan tout eta pou ogmante itilizasyon enèji renouvlab nan pwopriyete eta, yon angajman Gouvènè a te fè pandan diskou 2016 sou Sityasyon Eta. Daprè strateji Gouvènè Cuomo pou refòm vizyon enèji a, enstalasyon solè nan eta te grandi de preske 600% pandan katran ki sot pase a.

Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans pou Eta New York te deklare, “Grasa nouvo patenarya sa ant New York Power Authority ak Park yo, New York ap montre kijan nou ka chanje byen enpòtan eta an enèji pwòp nan efò nou pou konbat chanjman klima, pwoteje resous natirèl presye nou yo, epi reponn a objektif anbisye nou sou enèji-- asire ke 50 pousan nan elektrisite nou an vini apati enèji renouvlab nan ane 2030.”

Aksyon sa ta chita sou [pwojè ki ankou](#) pou fè Robert Moses State Park vini premye park eta ki gen enèji netr nan peyi a avèk yon seri 500-kilowatt solè. Yo planifye pwojè solè adisyonèl pou yon dezyèm sit nan Robert Moses, Sunken Meadow, Heckscher ak Belmont Lake State Parks, yo tout lokalize nan Konte Suffolk, zòn lwazi Anthony Wayne, zòn Silver Mine ak Lake Sebago Beach nan Harriman State Park nan konte Rockland ak Orange, Fahnestock State Park ak Taconic State Park nan Konte Dutchess.

Gil Quinones, Prezidan ak PDG New York Power Authority te deklare, “Nan sant valè New York Power Authority aksè a enèji renouvlab ap ogmante pou ede konsève

dirabilite alontèm de youn nan pi gwo byen– park ak plaj li yo. Ansanm avèk patnè nou yo nan State Parks yo, nou pral bay kat wout la pou ogmante enpak enèji solè ak teknoloji pou diminye anprent kabòn.”

Komisyonè Park Eta Rose Harvey te deklare, “Nou angaje pou fè State Parks yo vini yon modèl dirabilite. Nou rekonesan a New York Power Authority pou patenarya yo nan efò sa a.”

New York Power Authority pral bay yon pòtfèy konplè sou sèvis ki sipòte devlopman, pwokirasyon ak enstalasyon pano solè nan echèl komèsyal. Espesyalite New York Power Authority nan pwojè planifikasyon, evalyasyon lokal, ak itilizasyon analiz enèji pral ede reponn a objektif itilizasyon enèji nan State Parks yo.

State Parks yo se yon patisipan nan inisyativ BuildSmart NY Gouvènè Cuomo, ke New York Power Authority jere. Li mande tout ajans yo nan eta pou redwi itilizasyon enèji yo sou bilding ke yo posede oswa jere nan 2020. BuildSmart NY egalman ap ede reponn a objektif pou refòme vizyon enèji, sa ki gen ladan satisfè 50 pousan nan bezwen elektrisite eta avèk resous renouvlab nan 2030.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418